Dear Neighbor,

Every 10 years, the U.S. Census Bureau **works to count every person residing in the United States – and the next one starts April 1!** The information collected helps inform many important political, economic and social decisions, including the allocation of funding, legislative redistricting and congressional representation.

In previous census counts, **New York State has been undercounted**, resulting in the loss of billions in federal funding for hospitals, public schools, transportation, emergency services and more. Following the 2010 Census, New York lost two congressional seats.

Despite this pattern of undercounting, the federal government this time has cut the Census Bureau budget, reduced the number of field offices and focused on the use of online forms (though not everyone has internet access). **In order to ensure everyone is counted, New York State is committing $60 million to promote the census and assist with local outreach efforts.**

**Now is the time to get involved to be sure our communities are fully counted.** Local outreach through libraries, schools, houses of worship and other places of trust will be most effective. My office is providing this information to help you learn more about the 2020 Census and take action in your communities. If we can be of any assistance or answer questions, please feel free to contact my office.



Sincerely,

Rodneyse Bichotte
Member of Assembly

Ché Vwazen,

Chak 10 zan, Biwo Resansman Ameriken **an travay pou konte chak moun k ap viv nan Etazini – e pwochen an ap kòmanse 1ye avril!** Enfòmasyon ki kolekte yo ede enfòme anpil desizyon politik, ekonomik ak sosyal, ki enkli alokasyon finansman, redekoupaj lejislatif ak reprezantasyon nan kongrè a.

Nan denonbreman anvan yo, **Eta New York te souzestime, sa ki te lakoz pèt plizyè milya dola finansman federal pou lopital**, lekòl piblik, transpò, sèvis ijans ak plis toujou. Apre Resansman 2010 la, New York te pèdi de syèj nan kongrè a.

Malgre modèl souzestimasyon sa, gouvènman federal la te koupe bidjè Biwo Resansman an, diminye kantite biwo ki pa gen syèj epi konsantre sou izaj fòmilè anliy (byenke se pa tout moun ki gen aksè ak entènèt). **Pou asire ke tout moun konte, Eta New York ap angaje 60 milyon dola pou fè pwomosyon resansman an epi ede nan efò sansibilizasyon lokal yo.**

**Kounye a se moman pou enplike pou asire ke kominote nou yo konte konplètman.** Sansibilizasyon lokal atravè bibliyotèk, lekòl, mezon adorasyon ak lòt plas konfyans yo ap efikas. Biwo mwen an ap bay enfòmasyon sa pou ede w aprann plis konsènan Resansman 2020 an epi pran mezi nan kominote w yo. Si nou ka ede oubyen reponn kesyon ou, tanpri pa ezite kontakte biwo mwen an.

Sensèman,

Rodneyse Bichotte
Manm Asanble

1312 Flatbush Avenue
Brooklyn, NY 11210
718-940-0428
bichotter@nyassembly.gov

KOUPE LAEPI KONSÈVE L

CUT HERE AND SAVE

PRSRT STD.
U.S. Postage
**PAID**
Albany, NY
Permit No. 75

New York State Assembly, Albany, NY 12248

**Look inside for important information on the 2020 Census**

Assemblymember
Manm Asanble
# Rodneyse Bichotte

**Gade andedan l pou enfòmasyon sou Resansman 2020**

# Census 2020
## Stand Up. Get Counted.



Assemblymember / Manm Asanble
## Rodneyse Bichotte

# Resansman 2020
## Leve kanpe. Se pou w Konte.

## Frequently Asked Questions
## Kesyon yo Poze Souvan

### How can I help make sure my community is counted?

You can get involved locally by working with community-based institutions that have created Complete Count Committees (CCC). These committees serve as "census ambassadors" and work to implement locally based outreach campaigns to raise awareness and increase participation rates. **Visit https://www.brooklyn-usa.org/brooklyn-complete-count-committee/ to learn more about your local CCC.**

### Kijan mwen ka ede asire ke kominote mwen an konte?

Ou ka enplike lokalman lè w travay ak enstitisyon kominotè yo ki te kreye Komite Denonbreman Konplè (Complete Count Committees, CCC). Komite sa yo sèvi kòm « anbasadè resansman » epi travay pou mete anplas kanpay sansibilizasyon lokal pou sansibilize epi ogmante to patisipasyon yo. **Vizite https://www.brooklyn-usa.org/brooklyn-complete-count-committee/ a pou aprann plis sou CCC lokal ou a.**

### Why is it important to count everyone?

New York State receives $53 billion each year in federal funding for hospitals, public schools, transportation, emergency services and more. Each person not counted costs the state over $2,600 in federal aid each year.

### Poukisa li enpòtan pou konte chak moun?

Eta New York resevwa 53 milya dola chak ane nan finansman federal pou lopital, lekòl piblik, transpò, sèvis ijans ak plis. Chak moun ki pa konte koute eta a plis pase 2,600 dola èd federal chak ane.

### Who is undercounted and what are the consequences?

Historically, the census has undercounted young children, people of color, rural residents, immigrants, renters and low-income households at higher rates than other populations. New York is expected to lose two congressional seats. An undercount would mean not only losing those seats, but also losing critical funding for schools, health care and essential services.

### Kiyès ki pa konte e kisa konsekans yo ye?

Nan fason istorik, resansman an konn pa konte timoun, moun nwa, rezidan riral, imigran, fanmi ki lwe kay ak fanmi ki gen ti revni yo, gen pousantaj ki pi elve ke lòt popilasyon yo. New York prevwa pèdi de syèj nan kongrè a. Yon souzestimasyon pa ta sèlman vle di pèdi syèj sa yo, men tou, pèdi finansman ki enpòtan anpil pou lekòl swen sante ak sèvis esansyèl yo.

### How do I fill out the form?

In March 2020, for the first time ever, the U.S. Census Bureau will send mailings with instructions on how to fill out the form online. People who live in areas with low internet usage will also receive a paper form. Every household will have the option of responding online, by mail or by phone.

### Kijan pou m ranpli fòm nan?

Nan mwa mas 2020 an, pou premye fwa, Biwo Resansman Ameriken an ap voye kourye ki gen enstriksyon sou fason pou ranpli fòm nan anliy. Moun ki abite nan zòn ki gen izaj entènèt ki ba yo ap resevwa yon fòm an papye tou. Chak fanmi ap gen opsyon pou reponn sou entènèt, pa lapòs oubyen pa telefòn.

### Do I have to answer every question?

People who do not fill out every question on the census form will still be counted, but filling out the form as much as possible is encouraged. Anyone who does not fill out a form at all may receive a follow-up phone call or an in-person home visit by a Census Bureau employee.

### Èske mwen dwe reponn tout kesyon yo?

Moun ki pa ranpli tout kesyon nan fòm resansmanan an ap toujou konte, men nou ankouraje w ranpli fòm nan plis ke posib. Nenpòt moun ki pa ranpli yon fòm ditou ka resevwa yon apèl swivi oubyen yon vizit yon anplwaye Biwo Resansman an, an pèsòn.

### Is my information protected?

Title 13 of the U.S. Code ensures all Census Bureau employees swear a lifetime oath to protect respondent data. It is a felony to disclose any confidential information, and the penalty for wrongful disclosure is up to five years imprisonment and/or a fine of $250,000. The information collected can't be used to track people, determine eligibility for government benefits or be shared with immigration or law enforcement. The Census Bureau never asks for your full Social Security number. Additionally, the Supreme Court struck down the federal administration's proposed citizenship question, so it won't be on the form.

### What can individuals do to help?
### Kisa moun ka fè pou ede?

To learn more and sign up to become a community partner with the Census Bureau, visit: census.gov/partners.html

For employment opportunities with the Census Bureau, you can visit: census.gov/about/regions/new-york/jobs/all.html

Pou aprann plis epi enskri pou vin yon patnè kominotè nan Biwo Resansman an, vizite: census.gov/partners.html

Pou opòtinite travay nan Biwo Resansman an, ou ka vizite: census.gov/about/regions/new-york/jobs/all.html

### Èske enfòmasyon mwen yo pwoteje?

Atik 13 nan Kòd Ameriken an asire ke tout anplwaye Biwo Resansman yo fè yon sèman avi pou pwoteje done moun ki reponn yo. Se yon krim pou divilge nenpòt enfòmasyon ki konfidansyèl, e penalite pou divilgasyon ilegal rive jiska senk an anprizònman ak / oswa yon amand 250,000 dola. Yo pa ka itilize enfòmasyon ki kolekte yo pou swiv moun, detèmine kalifikasyon pou benefis gouvènman yo oubyen pataje ak imigrasyon oubyen fòs lòd. Biwo Resansman an pa janm mande w nimewo Sekirite Sosyal ou konplè. Anplis, Kou Siprèm nan te koupe kesyon sitwayènte administrasyon federal la te pwopoze a, alò li p ap sou fòm nan.

### How the 2020 Census will invite everyone to respond?
### Kijan Resansman 2020 an ap envite chak moun pou yo reponn

- **March 2020:** Households will begin receiving official Census Bureau mail that includes your Census ID and detailed information on how to respond to the 2020 Census online, by phone or by mail.

  **Mas 2020:** Fanmi yo ap komanse resevwa kourye ofisyèl Biwo Resansman an ki genyen ladan l Nimewo Resansman ou ak enfòmasyon ki detaye sou fason pou reponn Resansman 2020 an anliy, pa telefòn oubyen pa lapòs.

- **April 1, 2020:** Census Day is observed nationwide. When you respond to the census, you'll tell the Census Bureau where you live as of April 1, 2020. If you are unable to complete the questionnaire online or by phone, the Census Bureau will send a paper questionnaire for you to complete and mail back.

  **1ye avril 2020:** Jounen Resansman an obsève nan tout peyi a. Lè ou reponn resansman an, w ap di Biwo Resansman an ki kote ou abite nan dat 1ye avril 2020. Si ou pa an mezi pou ranpli kesyonè a anliy oubyen pa telefòn, Biwo Resansman an ap voye yon kesyonè an papye pou ou pou ranpli epi voye l tounen pa lapòs.

- **May – July 2020:** Census takers will begin visiting homes that haven't responded to the 2020 Census to help make sure everyone is counted. Explore the 2020 Census form at:2020census.gov/en/about-questions.html

  **Me – jiyè 2020:** Ajan resansman yo ap kòmanse vizite kay ki pa t reponn Resansman 2020 an pou ede asire ke chak moun konte. Eksplore Resansman 2020 an nan: 2020census.gov/en/about-questions.html

To stay up to date on this important issue, please contact my office.
Pou rete enfòme de pwoblèm enpòtan sa, tanpri kontakte biwo mwen an.